



Komisyon sou Envestisman Kominotè Repete ak Fen Rikers Island: **Odyans piblik**

Komisyon sou Envestisman Kominotè Repete ak Fen Rikers Islandki etabli ak Lalwa Lokal nan lane 2019 angaje l nan pwosesis envestisman repete ekitab ekonomi ki fèt gras ak fen Rikers Island pou kominote ki pran pati nan lajistis epi ki lajistis fè enpak sou yo.

Odyans lan rekonèt enpòtans angajman kominotè ak vwa yo, opinyon yo ak patisipasyon moun ki gen eksperyans yo viv, ansanm ak kolaborasyon avèk reprezantan òganizasyon kominotè yo, founisè sèvis yo ak ajans gouvènmantral yo.


KIJAN MWEN KA PATISIPE?

Nenpòt moun ka patisipe nan odyans piblik la sou entènèt oswa pa telefòn:

Ou kapab enskri pou w pale nan odyans piblik la lè w enskri pou pi ta
27 Me 2025.

SOU ENTÈNÈT:

<https://forms.office.com/g/w1FTZFQvx7>



RELE: 929-221-7220

VOYE IMÈL:

Reinvestment@dss.nyc.gov

KILÈ EPI KIBÒ ODYANS LAN AP FÈT?



Vendredi 30 Me 2025



Soti 9 è am pou rive 11 è am
Odyans lan ap fèt a distans sou Zoom

Y ap rele moun k ap pran lapawòl yo selon lòd yo te enskri a epi y ap kapab pale pou jiska twa (3) minit.

Objektif odyans lan se ba w opòtinite pou pataje kòmantè w sou fason vil la ka investi nan katye ak kominote lajistis afekte yo. Wòl estaf la se tandè epi pran nòt sou kòmantè w yo.

- **Sou entènèt (videyo ak odyo)**

Ale sou <https://www.zoomgov.com/j/1603120242>

Oswa ale sou Zoom.us. Klike sou "Join a Meeting"
(Patisipe nan yon Reyinyon).

Mete **Meeting ID (Idantifyan Reyinyon an):**

160 312 0242 (paskòd pa nesesè).

- **Pa Telefòn (odyo, sèlman)**

Rele **646-828-7666**. Lè yo mande, antre:

Meeting ID (Idantifyan Reyinyon an): 160 312 0242

(paskòd pa nesesè).

Si w bezwen èd pou w patisipe nan odyans lan tankou entèprèt oswa yon aranjman rezonab pou yon andikap, ou dwe di nou sa avan **27 Me 2025**.

Rele nou nan **929-221-7220** oswa voye imèl ban nou nan **Reinvestment@dss.nyc.gov**.

Y ap mete yon transkripsyon odyans lan disponib pou piblik la sou sit entènèt HRA a <https://www.nyc.gov/site/hra/about/about-hra.page>, kè semèn apre odyans lan.

Pou plis enfòmasyon, vizite paj Komisyon sou Envestisman Kominotè Repete a, <https://www.nyc.gov/site/hra/about/about-hra.page>.

Ou ka voye Kòmantè Ekri yo nan **Reinvestment@dss.nyc.gov**